



## Chè paran/responsab elèv lekòl leta Vil Nouyòk,

Nou ekri w pou fè w konnen si w se paran oswa responsab yon timoun ki te nan lekòl leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) pou ane lekòl 2021-2022, ete 2022 oswa ete 2023, ou elijib pou yon kat benefis manje ke ou ka poko genyen.

Paran/responsab timoun ki te enskri nan NYCPS pou ane lekòl 2021-2022, ete 2022 ak ete 2023 ta dwe resevwa yon kat benefis manje P-EBT. Yo te bay paran/responsab kat sa yo ant mwa me 2023 ak mwa desanm 2023 sou yon baz kontini.

Pwogram Transfè Benefis Elektwonik Pandemi (Pandemic Electronic Benefit Transfer Program, P-EBT) an se yon pwogram federal pou bay benefis manje pou timoun ki rate opòtinite pou resevwa manje nan lekòl akòz lekòl te fèmen pandan pandemi an. Avantaj sa yo pran fòm lajan sou transfè benefis elektwonik (kat EBT) ke ou ka itilize menm jan avèk kat SNAP (food stamp). Menmsi se pa yon pwogram NYCPS, nou te vle fè w konnen, paske tout timoun ki te nan lekòl NYCPS pandan peryòd tan sa yo elijib.

**Nan moman sa a, anpil paran/responsab poko itilize benefis sa yo, avèk plizyè milyon dola ki poko depanse. Lajan sa yo ka toujou depanse nan manje, epi premye nan benefis sa yo ka ekspire byento. Paran/responsab ta dwe rele liy asistans pou benefis yo (nimewo a nan do lèt sa a) pou konnen konbyen lajan yo gen ki rete.**

Yo te bay fanmi tout elèv ki elijib benefis sa yo otomatikman. Benefis P-EBT gentan disponib deja sou kont paran elèv k ap resevwa benefis SNAP, asistans tanporè oswa Medicaid. Pou tout lòt elèv, yo deja voye nouvo kat bay chak elèv espesyalman pou benefis P-EBT pa lapòs dirèkteman nan adrès kay elèv la. Yo te bay paran/responsab kat sa yo ant mwa me 2023 ak mwa desanm 2023 sou yon baz kontini.

Si w te resevwa kat la, men ou pa konnen kijan pou w itilize li, tanpri gade nan do lèt sa a pou wè kijan ou ka fè sa. Si ou pa resevwa yon kat men elèv ou a te nan NYCPS nan moman sa yo, oswa ou pèdi kat ou epi ou bezwen kòmande yon lòt kat, tanpri suiv eksplikasyon ki nan do lèt la.

Sa a se pa yon inisyativ NYCPS, kidonk si w gen plis kesyon, tanpri itilize resous ki pi ba nan lèt sa a pou jwenn plis enfòmasyon.

Mèsi,

**Emma Vadehra,**  
Chanselye adjwen pou  
fonksyonman ak finans

**Kenita Lloyd,**  
Chanselye adjwen pou Angajman  
fanmi ak kominote ak Zafè ekstèn

---

### **Resous sa yo disponib pou sipò anplis:**

#### **Liy telefòn Èd pou benefis manje P-EBT**

Si yon fanmi gen kesyon, yo ka rele Liy Èd P-EBT pou benefis manje nan **1-833-452-0096**.

#### **Pou kòmande yon lòt kat**

Fanmi ka kòmande yon lòt kat Benefis manje P-EBT lè yo rele **1-888-328-6399**.

#### **Èske kat benefis manje P-EBT a gen yon dat ekspirasyon?**

Avantaj manje P-EBT yo ap rete disponib epi ou ka itilize yo sou kat EBT oswa kat benefis manje P-EBT ou a pou 274 jou apati dat yo bay yo a.

Ou ka wè balans benefis manje P-EBT fanmi w lè w ale sou **connectebt.com** oswa lè w rele 1-888-328-6399.

---

### **Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan**

Tanpri ale sou **bit.ly/P-EBTfood** oswa itilize kòd QR ki pi ba a:

